



Pou Piblikasyon Imedya: 08/06/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO PWOPOZE LEJISLASYON AN POU ANILE TAKS SOU
FINANSMAN 800 MILYON DOLA POU PWOGRAM SIBVANSYON POU
REKIPERASYON TI BIZNIS APRE PANDEMI COVID-19 LA**

Aplikasyon pou pwogram nan ap ouvri le 10 jwen; Sibvansyon pou jiska 50,000 dola ap disponib

Gouvènè Andrew M. Cuomo te pwopoze jodi a pou lejislasyon an anile taks sou sibvansyon 800 milyon dola pou Pwogram Sibvansyon pou Rekiperasyon Ti Biznis apre Pandemi COVID-19 la. Y ap aksepte aplikasyon pou pwogram nan apati 10 jwen pou ti biznis ak mikwo antrepriz yo ak òganizasyon kiltirèl ak atistik endepandan san bi likratif yo pou ede yo rekipere de enpak ekonomik pandemi an.

"Ti biznis yo se te kolòn vètebral ekonomi Eta New York la depi lontan men yo te devaste pa pandemi COVID-19 la, epi li te enpòtan anpil pou eta a te leve kanpe pou ede sektè enpòtan sa," **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Nou vle asire nou ke tout 800 milyon dola Pwogram Sibvansyon pou Rekiperasyon Ti Biznis apre Pandemi COVID-19 la disponib pou ede benefisyè yo, epi lejislasyon sa ap elimine taks eta yo sou finansman sa pou nou ka mete chak genn dola nan pòch biznis yo epi ede rekonstui ekonomi New York la pou lavni."

Y ap mete sibvansyon fleksib jiska 50,000 dola disponib pou ti biznis yo epi yo ka itilize pou depans operasyon, ki enkli pewòl, lwaye oswa pèman ipotèk, taks, sèvis piblik, ekipman pwoteksyon pèsònèl, oswa lòt depans komèsyal ki te fèt pandan pandemi an. Plis pase 330,000 ti biznis ak mikwo antrepriz gen chans pou kalifye pou pwogram sa, ki enkli 57 pousan MWBE ki sètifye nan Eta a.

Pwogram Sibvansyon pou Rekiperasyon Ti Biznis

Pwogram sibvansyon pou rekiperasyon ti biznis la ap bay finansman pou ti biznis ak mikwo antrepriz ak òganizasyon atistik ak kiltirèl endepandan ki san bi likratif pou ede yo rekipere de enpak ekonomik pandemi an, kote yo bay priyorite ak pwopriyetè biznis ki defavorize sou plan sosyal ak ekonomik yo, ki enkli antrepriz ki se pou minorite ak fanm, ak antrepriz ki pou ansyen konbatan, ak biznis ki sitiye nan kominote ki gen difilte ekonomik yo.

Y ap bay finansman yo pou yon minimòm 5,000 dola ak yon maksimòm 50,000 dola epi y ap kalkile l an fonksyon resèt bri pa ane biznis Eta New York pou ane 2019 la.

Depans ki lye ak COVID-19 la ki ka ranbouse yo, dwe te fèt ant 1ye mas 2020 ak 1ye avril 2021, epi yo ka genyen ladan yo:

- Depans pewòl
- Pèman lwaye komèsyal oswa ipotèk pou pwopriyete ki baze nan Eta NY
- Pèman taks fonsye oswa lekòl lokal
- Depans asirans
- Depans sèvis piblik
- Depans pou ekipman pwoteksyon pèsònèl ki nesèsè pou pwoteje travayè ak sante ak sekirite kliyan
- Depans pou chofaj, vantilasyon ak èkondisyone
- Lòt depans pou machin oswa ekipman
- Atik ak materyèl ki nesèsè pou konfòmite ak pwotokòl sante ak sekirite pou COVID-19

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)